А МАХУЭР нобэ хэдзу и нэгум щIэтщ Хьэуелэ: нэхущ лъандэрэ лъэудиндкарэ тIэкIуи есащауэ, и брилдэм нартыхур зэрызэщIикъуэжьым еплъ здэщытым, хьэсэпэм машинэкIэ къыIуотьадэ колхозым и агроном Бэдракъ Володи, къыжреIэ:

- Хьэуелэ, узогъэгуфIэ, ВДНХ-м «Москвичь» кьыпхуигъэфэщащ. Гьущыпп згъурлы Тхьэм пхунЫ!

- Тхьэр арэзы кьыпхухуЫ! - зэхиха хьыбарым тIэкIу Iэнкун ищIа бригадиирым педзыж абы, зауI дэкIа нэужь.

- Ар уи нэгъабэрэзэ гъавэм кьыпэкIуащ, - жеIуэ, дэрибар гуфIэгъуэр къыхуэзыхьар Iуожьыж...

Зауэ нэужьым ди цIыхуэм бэпыкъу ятельам ущIэмыупщIэ. Псом хэмыдзу и дзэ ящIэжьхьыр нэхьыбэу зыжькъэхуар зи адэр Хэку зауэшхэм кIымыкIыжа Хьэуелэ хэдэхэрщ:

Ди анэм щIалитIрэ зы хъыдджкIэрэ дыкьыкIуэнатI, Iейуэ гугъу къыддехьу диIапI, - игу къеГъэкIыж абы, - махуэм губгъуэм щылажьэу, къэкIуэжмэ, унагъэ Iуэхурн ищIэн хуейуэ, дэрибар тIэкIу дыкъэжэпхъа нэужь, зэрыгтIэкIкIэ зыщIэдгъэкъуащ. Пэжщ, си щынэхьыжьыр сымаджэти, Iуэхуэ хьэпъэ ищIэ хъурт хъункIэ. Сэрат цIыхухъу лэжьыгъэр зи пщэ къыдэхуэрт: тенэ цIыкIу щIэщIауэ мэз сыкIуэми, губгъуэм щхьэмыж щIыпэ сыдэжкIми, пщIантIэм сыщыIэбэми, хадэм силэжьыкъыми, сыхьэулеину зэманкъыскъудэхуэрэтэкъым. 9-нэ классым сыкъыщIэкIа нэужь, си анэшхуэр бригадирым елъэIурн, колхозым пхъэIэщIурыуэу сыкъащтащ. Иджы хуэдэтэхьам, абы щыгъуэ пхъэIэщэм зы щIыху тесын хуейт. Жьэлым седжэу, махуэм сылажьэурэ школыр къэзуащ.

Я кIуажэм, Арщыдан, дэт еджапIэр къыщыдзэринжьам Щад Хьэуелэ трахтуорым Iыхьэ хуэхъуат. Арати, щIалэщIэм дзыхь кьыхуэущащ и закъуэу лэжьэну. Абы кьрата МТЗ-2-м щIхьэ телъэкъым: уэшх кьешIэм, уэс кьесми зыщIэ-хьэмфыртэкъым. Ауэ а псор уэим ищIэртэкъым Хьэуелэ: механизатор нэхъыжьхъэм ехьэхуэу и техникэм ирилажьэрт нэхущым щыIэщIауэ жэщ хъуху, еш жьыхуаIэр бжэгъыкIэ краудми имыщIэу.

60 гъэхэм я пэщIэдзэм Арщыдан жьыIэм щыззэхубIауэ щытащ звено унафэщIэхэм я зэхьэзэхуэ. Абы хэтыну хуабжьу и нэ кьикIырт механизатор щIалэм. Куэд



Щад Хьэуелэ

дэмыкIыу апхуэдэ Iэмал игъэтащ: бригадиирым колхоз тхьэмадэм, Тэрчокъуэ Кьамболэт, жриIащ бэн-сэныкъ теухуауэ Щадыр сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыхуэзыщэрыуэр, зэпеуэхэм и шыфэлIыфэ щеплъыну зэрыщIэхъуэпсыр икIи мыгувэу звеном и нэхъыжьу кахащ.

Абы щыгъуэ Хьэуелэ илъэс 19-м нэсатэкъым. А ныбжьым иту апхуэдэ дзыхь зэрыгъэзащ дэстэкъым Арщыдан жьыIэр зи инагъым. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу, «Мы дзыхьыр кьыззэгъгъэзахэр хущIезгъэгъуэжьынкъым», жиIэу, и Iэнатlэр иришэжьащ щIалэм. Ауэ зыпхрыхьа Iуэхум гу щимыхуэу дзэм дашащ. Кьулыкъум здэщIыIэм тхыть кьыIэрыхьащ. Ар республикэм и зыужьыныгъэм гуащIэ ин хэзыпхьэу Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм бгъэдэт щIалэгъуалэм ятеухуат. Зи Iэдакъэщэкlэкlыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я Iэтащхьэ Сэбанщы Розэт. Абы Iыхьэшхэу щыхуэхэат Щадми. Полкым и командиром частыр зэхуигъэсри тхылъым и гугъу яхуищIащ, «Ди дзэ къулыкъу щызыщIэр мыпхуэдэ щIалэ хъарзынэщ», - жиIэри яригъэщIыхуащ. Уеблэмэ комсомолым и ЦК-м и ягъэ секретарь Павловым дежи ар ягъэхьауэ щытащ. Зыкъом дэкIри, къэралым и комсомол Iэтащхьэм и Iэ щIэлъу щыхъ тхылъ кьыIэрыхьащ сэлэтым. Апхуэдэ гупылъэм дамэ кьытригъэкIауэ, здэкIа адыгэ хэкум и пщIэр иIэту ди лъэпкъэгъу щIалэр илъэсищкIэ зэрыщыщащ. Кьыгъэзэкщ, шоферу еджари, и Iэщ Iагъэмкlэ лэжьапIэ уВын и мураду колхоз правлеиэм кIуащ. «Уэ дзэм и пэкIэ хъарзынэу Iэнатlэ зепхъуэ щытащ, звеноводу уувыжмэ нэхъ къэтщтэнут, - кьыжриIащ абы Тэрчокъуэм. - Шоферу улажьэ нэхъыр ар нэхъыфIт...»

Узыбгъэдэт лэжьыгъэр фIыуэ пльагъэмэ, дыгъэм нэхъ нэхъ нэхуу кьыпщохьу. Игури и псэри етауэ, ильэс Iэджэ щIауэ гъашIэуэ кьыIуэтэжащ. Iэхэм я пьэдакъэпэм теувэу, звено унафэщым и Iэнатlэр зэтрифублащ. Апхуэдэу губгъуэм зэдитьам, парт собранэ щыIэщ жаIэри, зымахуэ гуэрым хьэсэм кьыхашыжащ. Зэхуэсыр щиухым, Тэрчокъуэр щхьэупщIащ: «Мэкъумэш Iуэхум хуедгъэджэну Мэхъочкъаэ зы щIалэ дгъэкIуэн хуейщ, а дзыхьыр хэт едгъэзэн нэхъыфI?» Кьыззэхуэсахэм щIалэ зытIущым я щIэ кьраIуащ, Хьэуели абыхэм яхэту. Къамболэт: «Сэри Хьэуелэ и кьыжриIащ. Тэрчокъуэр щхьэупщIащ: «Мэкъумэш Iуэхум хуедгъэджэну Мэхъочкъаэ зы щIалэ дгъэкIуэн хуейщ, а дзыхьыр хэт едгъэзэн нэхъыфI?» Кьыззэхуэсахэм щIалэ зытIущым я щIэ кьраIуащ, Хьэуели абыхэм яхэту. Къамболэт: «Сэри Хьэуелэ и кьыжриIащ. Тэрчокъуэр щхьэупщIащ: «Мэкъумэш техникумым. Ар хъарзынэу кьнухри, щалъхуа и жьыIэжьым кьыгъэззэжащ. Звеном и пашэу щышыта зэманхэм IэзэкъакIэу емызэшышыжу зыкъэзэрыгъэзэгъуа, щIэнкIыгъэ зыгъуэта Щадыр кьыззэрысыжу 4-нэ бригадэм и унафэщIу ягъэзауащ.

Бригадэм и нэхъыжьыу щыщыта тхьэхъэмэн Щадыр иIэ абы и гупымрэ гъавэу кьыгъэрахам и бжьыгъэр лъытэгъуейщ. И хьэсхэм Хьэуелэ зэрыщыгугъар кьыщемыхьулIа гъэ зыгIу фIэжI кьаIэ хуихуакьым. Кьыгъэпжащ гукъуэдкIэ зыпыща щымыт. Кьыгъэпжащ, езыри темыпIэкъкуIыкIу хуэсэкьат, хуэпэжтт. Щыр кьыпхуэзэрэ щIэнкъым. Абы ещIэ кьыхуэуфIри, кьыхуэгумащIэри, IэхъуэгъэтегъэкIыу кьыбгъэдэтри.

Къэрал псом уей-уей жезыгъэIэу щыта колхоз пашэм бригадиру ущыIэнкIэ зэрымыIуэху тыншыр хэти ищIэу кьыщIэкIынущ. Тэрчокъуэм здитьэкIуа гупым и нэхъыжьу илъэс 21-кIэ лэжьащ Хьэуелэ. А зэманым кьнубыдэу абы бгъэнейпэ хозяйствэм бжьыпэр щиубыдащ, пIIэнейрэ етIуанэ хуащ, зэ закъуэщ адрейхэм кьаэзэрыкIэрыхуар. Зы гектарым хуэзэу нартыхуэу центнерищэ, гуэдзу центнер 40, сахуарану - 20 кьыщытрах Iэджэрэ кьахунхуащ. Апхуэдэ екъуIэныгъэ уиIэн щхьэкIэ жэщ-махуэ жумыIэу, махуэл думыхьыу губгъуэм унтын хуейти, Щадыр етIысэхакъым, и унагъэм япэ жьыIэ Iуэхур иригъэщу гугъэзагъэу и Iэнатlэр зэрихьащ. Уеблэмэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, зэман кьыдригъаIуэрэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэригъэзэгъащ.

Хьэуелэ зыхэт колхоз щэрыIуэм кьыщекIуэкIт зы хабзэ: жьыIэ сэныр дзыхь зыхуащIу щытар звеном и нэхъыжьыр. Адрейхэм, гъашиэу, зы зыми сыт хуэдэ Iуэхури игъэзэщIэфу иригъэсащ.

Тэрчокъуэ Кьамболэти, абы и ужьыкIэ колхоз тхьэмадэм, Бобоев Рустам дунеим екьужа нэужь, хозяйствэм и унафэщIу хаха Бозий Назир зымахуэ гуэрым Хьэуелэ кьелъэIуащ: «2-нэ бригадэр тIэкIу зэбгрылажьыкIащи, кьыIэ, абы я нэхъыжьу тхуэкIуэ», - жиIэри. Илъэс 21-кIэ зыщIыгъуэ мэкъумэшыщIэхэм есами, аптхуэдизу илъэс ныбжьым и фIыгъэ я цIыни зэрыщIэу, я гуфIэгъуэ я нэщхьеягъуэ зэдагъэшу, зыIэ и быну кьыбзэдэгъэгурыкIуэ пэтми, колхоз тхьэмадэр хуэгъэщIэхъуэкъым Щадыр. Икlи здагъэкIуам я Iуэхур зэпэщIыжьыу гугъу зригъэхьащ.

Псори зэхэплъхьэжмэ, ильэс 32-кIэ мэкъумэш бригадэм и нэхъыжьу лэжьащ Хьэуелэ. Фегупсысыт - илъэс тIощIрэ пщIым щIигъэкIэ! Ари сыт хуэдэу зэрыплъэжьар?! ИщIэр хьуэ, гъавэ бэ кьыдэхуэу! Хьэуелэ хуэдэ цIыху емызэшыжхэрщ 70-80 гъэхэм ди республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зыужьыныгъэшхэу игъэтащ, ди щIыпIэр губгъуэ лэжьакIуэ Iэзэкlэ зэрыкъулейр нэгъэщIыщIэхэм кьыщащ зи фIыщIэр.

Си щхьэ, си узыншагъэ жимIыу апхуэдизу зэманкIэ пэжьыгъэм и гущIэгъуэм хэта Хьэуелэ и гущIэгъэ зыужьыгъэ Щадыр кьыззэрысыжу 4-нэ бригадэм и унафэщIу ягъэзауащ.

Бригадэм и нэхъыжьу щыщыта тхьэхъэмэн Щадыр иIэ абы и гупымрэ гъавэу кьыгъэрахам и бжьыгъэр лъытэгъуейщ. И хьэсхэм Хьэуелэ зэрыщыгугъар кьыщемыхьулIа гъэ зыгIу фIэжI кьаIэ хуихуакьым. Кьыгъэпжащ гукъуэдкIэ зыпыща щымыт. Кьыгъэпжащ, езыри темыпIэкъкуIыкIу хуэсэкьат, хуэпэжтт. Щыр кьыпхуэзэрэ щIэнкъым. Абы ещIэ кьыхуэуфIри, кьыхуэгумащIэри, IэхъуэгъэтегъэкIыу кьыбгъэдэтри.

Къэрал псом уей-уей жезыгъэIэу щыта колхоз пашэм бригадиру ущыIэнкIэ зэрымыIуэху тыншыр хэти ищIэу кьыщIэкIынущ. Тэрчокъуэм здитьэкIуа гупым и нэхъыжьу илъэс 21-кIэ лэжьащ Хьэуелэ. А зэманым кьнубыдэу абы бгъэнейпэ хозяйствэм бжьыпэр щиубыдащ, пIIэнейрэ етIуанэ хуащ, зэ закъуэщ адрейхэм кьаэзэрыкIэрыхуар. Зы гектарым хуэзэу нартыхуэу центнерищэ, гуэдзу центнер 40, сахуарану - 20 кьыщытрах Iэджэрэ кьахунхуащ. Апхуэдэ екъуIэныгъэ уиIэн щхьэкIэ жэщ-махуэ жумыIэу, махуэл думыхьыу губгъуэм унтын хуейти, Щадыр етIысэхакъым, и унагъэм япэ жьыIэ Iуэхур иригъэщу гугъэзагъэу и Iэнатlэр зэрихьащ. Уеблэмэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, зэман кьыдригъаIуэрэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэригъэзэгъащ.

Хьэуелэ зыхэт колхоз щэрыIуэм кьыщекIуэкIт зы хабзэ: жьыIэ сэныр дзыхь зыхуащIу щытар звеном и нэхъыжьыр. Адрейхэм, гъашиэу, зы зыми сыт хуэдэ Iуэхури игъэзэщIэфу иригъэсащ.

Тэрчокъуэ Кьамболэти, абы и ужьыкIэ колхоз тхьэмадэм, Бобоев Рустам дунеим екьужа нэужь, хозяйствэм и унафэщIу хаха Бозий Назир зымахуэ гуэрым Хьэуелэ кьелъэIуащ: «2-нэ бригадэр тIэкIу зэбгрылажьыкIащи, кьыIэ, абы я нэхъыжьу тхуэкIуэ», - жиIэри. Илъэс 21-кIэ зыщIыгъуэ мэкъумэшыщIэхэм есами, аптхуэдизу илъэс ныбжьым и фIыгъэ я цIыни зэрыщIэу, я гуфIэгъуэ я нэщхьеягъуэ зэдагъэшу, зыIэ и быну кьыбзэдэгъэгурыкIуэ пэтми, колхоз тхьэмадэр хуэгъэщIэхъуэкъым Щадыр. Икlи здагъэкIуам я Iуэхур зэпэщIыжьыу гугъу зригъэхьащ.

Мыгувэу Алий дзэм дашащ икIи зауэ хуэIуэхущIэхэм щыуагъасэу Краснодар щIэ еджапIэм ягъэкIуащ. Фашистхэр кьыщыблагъэм, курсантхэр ягъэущI щIыпIэ ягъэпхъуэн хуейт хьуащ, гъуэгу здытетым биим и кхъухьлъатэхэр кьатоуэри, зауэ лыгъэр зыхуэзэмрэ абы мыгъэгъэр кьыщмэр Мирзоевым ятеу зыхечIэ.

Ереван кьаIэм дзэ еджапIэр кьыщызыуха лейтенант нэхъыщIэр лагъымыдэ взводым и командиру ягъэуар, 9-нэ кьэзакъ дивизэм и 193-нэ полкым хэту Кубань щыIалъэм зауэм щыIуохьэ. Дивизэм и зэфIэкIыр ЕтIуанэ Украин фронтым хэлъущIыIу щыхъуащ.

Тамань хьатIыгу ныкъуэмрэ Украинэм и къухьэпIэ лъэныкъуэмрэ хуит къащIыжауэ, ди дзэхэр ерыщу биимебгъэрыкIуэрт. 1944 гъэм и щIымахуэм лейтенант Мирзоевым и гупыр зыхьихьэ фочауэ дивизэм Венгриеи и Эстергом кьаIэм и Iиштэпэм фашистхэм я таныхэр зыщIэрыгъэзэгъуауэ ЩIэу щынагъуэу ди лагъымыдэхэм кьаухэкIуэрт. Ротэм и командиры УЗгъэ хьэлъэщыхьэм, абы и унафэ кьищIэри, зауэлIхэр тригъэгушхуащ. Лагъымыдэкlэ танкыр пкъутэн щхьэкIэ, зы-щIы гъэщхэр ЗэкIэ ирирэ кьэбгъэкIаIэм дежи нэмыщIхэм къаруушхуэ щIэзэрагъэIуат. ЕкIуэлIапIэ псоми зэдыщIэкIыу зыщагъэзыбдат, щебгъэрыкIуэкIэ, ди дзэм хэщIыныгъэшхэу игъэутынут. ЩIым зыужьыгъэуэ, ятеу щрэзыунэгъу псоуэльмкIэ Алий мэщIу. Уиэ лъахъшIтIым я зэхуакум кьыщоувыIэ, фашистхэм я быдапIэ нэхъыщхьэ егъэнаIуэри, ди лагъымыдзхэм хьыбар ярегъащIэ. Мирзоевым жьхуиIэ щIыпIэхэм тракъатэгъэр, ди зауэлIхэр бийм гуащIэу яхуоу, я хэщIапIэхэр «иравыкI». Лагъымыдзхэм я закъуэ абдеж зэрыпхъуакIэу 250-м нэблагъэ щыхатэщIащ. Апхуэдэ псэзэпылъхьэпIэ куэдым хэту абы хуит кьыщIыжащ Венгриер, Польшэр, Румыниер, Чехословакиер, Австриер.

- КIуэтэхкIэ а илъэс хьэлъэхэр тIэщIэ мэхъу, тфIыкIуэдахэм, тIэщIэкIаxэм яхуэгъэза ди гупсысэхэр нэхъ ужьхьыу, ди уIэгъэхэр кIыжу кьытфIощI. Ауэ, зауэр иухыным махуэ зыбжанэ фIэкIа имы-Iэжу лIыхьужьыу хэкIуэда си ныбжьэгъуэу Узбекистаныр Аблэгиеф щIыщхэу Осоркин Николайрэ Шевченкэ Федоррэ си гум ихуркъым. Си насып кьихьри, тIэу фIэкIа уIэгъэ сымхьэуу, а мафIэ лыгъэм сыкъыхэкIащ, - жиIэрт нэхъыжьыфIм.

Зауэм и зэранкIэ журналитэ емыджэфами, мамыр гъащIэм ар Iэщ Iагъэ щыхуэхъуащ, Варшэ Плъыжьэ орденэр, Жуковым зауэшхэ орденым и япэ нагъыщIэр, медаль куэд кьызыхуагъэфэща Мирзоев Алий Парт школ нэхъыщхьэр кьнухри, «Коммунизмэ ягъэ» (иджы «Заман») газетым и редакторым и кьуэдзэу илъэс 20-м щIигъуэ Iлажьащ, пщIэлей мылъхьэуу, Iуэхуфl куэд зэфIихащ. И гущIэдкIхьэлъым кьыпэкIуэу «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр кьыфIащащ.

Унагъэ дахэм и тхьэмадэмрэ и щхьэгъуэ Антонинэрэ бынипIэ зэдапIащ, ирагъэджащ, Iуэту зауэ трагъэуващ. Я адэшхэм яхуфащуэ, абы и фэеплъым пщIэ хуащIу и кьуэрылъху-пхъурылъхуэр кьотэдж. Алий и лъэпкъыр зэрыкъэпсыбзэм и нэщэнэ гъуэгуэджэщ.

ЗАНКIИШIЕВ Хьусейн.

● Зэхьэзэхуэ

«XXI лIэщIыгъуэм и пашэ»

Иджыблагъэ КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхуэхэмкlэ и кьэрал комитетым щызэхэтащ «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» урысейпсо зэхьэзэхуэр ди республикэм зэрыщеIыжьынум хуэзыгъэхьэзыр кьызэрэпэщащIэ гупым и зэIущIэ. А зэпеуэм хэтынут Урысейм и сабий, щIалэ-Iуэуалэ жьыгъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр.

КОМИТЕТЫМ и унафэщI Пащты Борис зэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ зэхьэзэхуэм хэтынуэр Урысейм и щIыналъэхэм щызыIэтхьэзыр Iэщ Iагъэлъ Iэм я зэIущIэ гъатхэпэм и 16-м Налшык зэрыщеIуэкIынум, ар зытеухуауэ щытыну Iуэхугъуэм. Абы кьызэрригъэлъэгъуамкIэ, мэлыжьыхьым зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэр щекIуэкIынуц Урысейм и щIыналъэхэм, абы щытекIуаэр зэхэтынущ щыщхьэIум щыIну етIуанэ зэочиэ турым, Мис а Iыхьэтым пхыкIэращ ещ я пашэ и жэпуэгъуэм Налшык къэкIуэнри, зэхьэзэхуэм и ещанэ Iыхьэ нэхъыщхьэм хэтын папщIэ.

«XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» зэхьэзэхуэр гъэ кьэс зэхэхьэ 2003 гъэ лъандэрэ. Ар зэгъуэсу ирагъэкIуэжI Урысей Федерацэм спортымкIэ, туризмымкIэ, щылэгъуэ политикэмкIэ и министерствэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ Федеральнэ Iуэхущапlэмрэ.

А зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэщ граждан жьылагъуэм и институтхэм зегъэужьыныр, жьылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэм щыщу зэчий зыбгъэдэлъхэр наIуэ щIауэ абыхэм яIэщIэ гъэсэныр, зэхьэзэхуэм и щIэныкъыныр, я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэныр, щIэсфэр гъэсэныр, нэгъуэщIэхэр.

2010 гъэм зэхьэзэхуэм и ещанэ Iыхьэр щекIуэкIат Санкт-Петербург; зэхьэзэхуэр щызэхэтащ Волгоград икIи абы кьырихьэлIат Урысей Федерацэм и щIыналъэ 45-м кьыкIэ лIыкIуэр.

«XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» зэхьэзэхуэм зэгъаблэ кьриIуаэхэр кьалъытэри, кьызэгъэпэщащIуэ комитетым и мурад ищIащ ар мы гъэм Налшык щегъэжьагъэхьэпхъу. А мурадыр комитетым диныгъщ ди республикэм икIи КъБР-м и Правительствэм я Iэхэр гъэзэщIэныр теухуа унафэ щхьэхуэ кьиштащ. Мыгувэу зэхьэзэхуэм и сайтыр Интернетым кьыщыщIэуахьынущ.

КъБР-я ХьыбарэгъэщIэ Iуэхущапlэхэмкlэ и кьэрал комитетым и пресс-Iэнатlэ.

● Дифl догъэлъапIэ

И жылэжьым и пщIэр еIэт

Щад Хьэуелэ

дэмыкIыу апхуэдэ Iэмал игъэтащ: бригадиирым колхоз тхьэмадэм, Тэрчокъуэ Кьамболэт, жриIащ бэн-сэныкъ теухуауэ Щадыр сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыхуэзыщэрыуэр, зэпеуэхэм и шыфэлIыфэ щеплъыну зэрыщIэхъуэпсыр икIи мыгувэу звеном и нэхъыжьу кахащ.

Абы щыгъуэ Хьэуелэ илъэс 19-м нэсатэкъым. А ныбжьым иту апхуэдэ дзыхь зэрыгъэзащ дэстэкъым Арщыдан жьыIэр зи инагъым. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу, «Мы дзыхьыр кьыззэгъгъэзахэр хущIезгъэгъуэжьынкъым», жиIэу, и Iэнатlэр иришэжьащ щIалэм. Ауэ зыпхрыхьа Iуэхум гу щимыхуэу дзэм дашащ. Кьулыкъум здэщIыIэм тхыть кьыIэрыхьащ. Ар республикэм и зыужьыныгъэм гуащIэ ин хэзыпхьэу Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм бгъэдэт щIалэгъуалэм ятеухуат. Зи Iэдакъэщэкlэкlыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я Iэтащхьэ Сэбанщы Розэт. Абы Iыхьэшхэу щыхуэхэат Щадми. Полкым и командиром частыр зэхуигъэсри тхылъым и гугъу яхуищIащ, «Ди дзэ къулыкъу щызыщIэр мыпхуэдэ щIалэ хъарзынэщ», - жиIэри яригъэщIыхуащ. Уеблэмэ комсомолым и ЦК-м и ягъэ секретарь Павловым дежи ар ягъэхьауэ щытащ. Зыкъом дэкIри, къэралым и комсомол Iэтащхьэм и Iэ щIэлъу щыхъ тхыть кьыIэрыхьащ сэлэтым. Апхуэдэ гупылъэм дамэ кьытригъэкIауэ, здэкIа адыгэ хэкум и пщIэр иIэту ди лъэпкъэгъу щIалэр илъэсищкIэ зэрыщыщащ. Кьыгъэзэкщ, шоферу еджари, и Iэщ Iагъэмкlэ лэжьапIэ уВын и мураду колхоз правлеиэм кIуащ. «Уэ дзэм и пэкIэ хъарзынэу Iэнатlэ зепхъуэ щытащ, звеноводу уувыжмэ нэхъ къэтщтэнут, - кьыжриIащ абы Тэрчокъуэм. - Шоферу улажьэ нэхъыр ар нэхъыфIт...»

ЩIэныгъэлI Тымыжь Хьэмыщэрэ егъэджакIуэ-методист Балэ Людмилэрэ зэхалъхьэри, дызэрыт 2011- 2012 гъэ еджагъуэм ирихьэлIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдзкIащ адыгэ литературэм ещанэ классым зэрыщрагъэджынхъэ тхылъыщIэ, школ программэщIэм тету.

ЗАНЩIЭУ жьытIэнщи, тхылъыр зи IэдакъэщIэкIэхэм лэжьыгъэр къеХулIауэ ящхьэдыкIуэрт. Тхылъым фIагъ къэзэ зэрыбгъэдэлъыр нэрылъагъуди, абы укъудиящу зэпытепсэлъыхьыкIи щхьэусыгъуэ щыIэкъым, ауэ, щыщIэныгъэ мащIэ зэриэми гу лъытащи, абыхэм кIэщу дытепсэлъыхьынщ, егъэджакIуэхэм дагъэпыкъуэгъу дахуэхъуи мурадкIэ.

Тхылъым и «Хэзыгъэгъуазэ» Iыхьэр дагъуэнэшу тхащи, абы арэзы зи техъуапхъэщ: бзэр щэрыуэщ, гурыIуэгъуэфIощ. Iыхьэм тэхуащ щыбзыхуащ литературэр зищIысыр, абы цIыху гъащIэм щиIэ мыхьэнкъэр щыIыгъ, бзэсэныгъэ щыгъэ лIэужьыгъуэхэр, адыгэ литературэхэр тхыгъэджкIэр зэпыщIа гъэ лIэ щыхъуэ лъэхъэнэр, лъэпкъым тхыгъэ иIэ щыхъуэ зэманыр; абы и мыхьэнэр, зи литературэм нобэ иIэ щытыкIэр икIи абыхэм япыщIа нэгъуэщI хэлъухъущIэхэр. Абыхэм арэзы техъуапхъэщ.

«Литературэ» псалъэм и мыхьэнэр, абы кьэкIыр щыбзыхум, «литературэ» латин псалъэм хэт етIуанэ «т–р скобкэм щыщдагъэувар сабийхэм кьагурыуэну фIэщщыIагъуейщ. Етхуанэ напэкIуэщIым ит «Ар анэдэлъхубзэм, адыгэм кьадэкIуэй хабзэфIхэм я хьулакIуэщ... псалъэхэм я пIэкIэ «Ар адыгэбзэм, лъэпкъым кьыдагъэгурыкIуэ хабзэфIхэм»... жаIамэ, нэхъыфIт. «Адыгэ нарт эпосым» техуа тхыгъэр бзэ щэрыуэкIэ икIи бзэ гурыIуэгъуафIэкIэ тхащ. Япэ упщIэм кьыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэм еджакIуэхэм жэуап иратыфынукъым, етхуанэ классым апхуэдэ Iуэрыдуэтэ пIуужьыгъуэ зэрыщрамагъэзэм кьыхэкIыу. ЕпщIыкIуГанэ напэкIуэщIым ит упщIэм хэт «троп» псалъэм и мыхьэнэр еджакIуэхэм зэрамыщIэм кьыхэкIкIэ, упщIэмэ жэуап яхуетынукъым. А напэкIуэщI дыдэм ит «Гиперболэмрэ литотэмрэ» псалъэхэм я пIэкIэ «Егъэлеиныгъэмрэ гъэцIыкIныгъэмрэ» жаIамэ, нэхъ кьеэзэгъыт. Адыгэбзэкlэ жыпIэ хьунур жыгтIэмэ нэхъыфIщ икIи жыIэни тхыгъ хуейщ. Куэд щIащ щхэр ди бзэм кьыхэзэрыкIыжьыр.

Адыгэ литературэмкlэ школ программэм кьигъэуВ кьалэным ипкъ иткIэ, «Ашэмэз и пшынальэм» и япэ сатыр 30-р еджакIуэхэм гукIэ зрагъэщIэн хуейщ. Абы кьыжриIуэри ебгъанэ лэжьыгъэм кьигъэувыр пыхуэкIауэ щытамэ нэхъыфIу кьыщIэкIынт.

ТхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я гъащIэмрэ я литературэм я лэжьыгъэмрэ я ятеуухуа тхыгъэ кIэщIхэр адыгэбзэ кьабзэкIэ, зэрыуэкIэ тхащ, ахэр гурыIуэгъуафIэщ, гъэсэныгъэ-щIыныгъэ мыхьэнэ зиIэщ, ауэ, ди жаIуэ зэрыхуэхъуащ, абыхэм я гъэльэгъуакъым тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ къыщалъхуа, дунеим щекъыжа махуэхэр, Пэжу, тхакIуэхэм я суратэу тхыльымкIэ я лъабжьым щIэтщ ахэр къыщалъхуа, дунеим щекъыжа гъэхэр. Абыхэ Iуэхур зэфIэфгъэкI хьунумэ, хьарзынэщ.

Тхыльым щыгъэува упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмкlэ акъылэгъу удэхъу хьунущ. Абыхэм я нэхъыбэм адыгэ яджар ящ къыргъэпщытэж кьудейм кьыщыщмынэу, атIэ адыгэхэр гупсысу, езыхэм я Iуэху ептыкIэ сытми хуаIэу ирагъэсэнущ. Мы тхылъым ихуа тхыгъэхэр а къалэным пэлъэщыну кьызэольытэ.

Адыгэ литературэмкlэ школ программэщIэм ипкъ иткIэ, ебланэ классым щаджын хуей тхакIуэ псоми мы тхылъыщIэм кьызэщIеныбгъдэ. Ар фIыщ икIи тэмэмщ, ауэ абыхэм я зэкIэлъыхьыкIэмрэ тхыгъэ щхьэхуэхэм я кьыхэкIыжьыкIэмрэ программэщIэм тещIыхьакъым. Тхылъыр мы ухуэкIэм тету щагъэхьэзырым гурыIуэгъуэкъым Кlыщокъуэ Алим, Мэшбащ Iсхьэкъ, Нало Заур, Тхьэгъэзит Зубер, Бицу Анатолэ сымэ нэхъ жьантIэм дзсу, щагъыщIэхэри жьантIэм дзсу, ди тхакIуэ пажэхэр, усакIуэ нэхъыфIхэр шкафэгъэм (жыхафэсум) зэрыгтрагъэтIысхьар захуэсщIэ, ахэр лъытэ хъунукъым. Тхылъыр темэ щхьэхуэ-щхьэхуэурэ щымыгъэшакIэ, абы ухуэкIэ зэлубэ икIи пыухыкIа иIэн хуейщ. Япэм щыIа тхылъхэр (етхуанэ, ебланэ классхэм ейхэр) Iыхьаплу зэхьэлу щытащ: «Адыгэ Iуэрыдуэтэр»; «Пасэ зэманыр кьызэхущыкъ тхыгъэхэр»; «Хэку зауэшхэм теухуа тхыгъэхэр»; «Иджырей ГъащIэм теухуа тхыгъэхэр». Иджы тхылъым апхуэдэ уухуэкIэ щимыIэжкIэ, тхакIуэ, усакIуэ нэхъыжьхэр икIи нэхъыфIэр япэ игъэщIащ, нэхъыфIу кьыщыжьыщащ. Гъут Iэдэм, Кьардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур, Пщыбий Инал, Табищ Мурат сымэ я тхыгъэхэм тхылъыр зыкъомкIэ кьагъэщIэращ, нэхъ щIэщыгъуэ ящI. Абыхэм я тхыгъэхэм мыхьэнэ, гупсысэ пыухыкIа иIэхэщ.

Литературэм и теорием теухуа тхыгъэхэр, зэрыщыту кьапщтэжа, къэрарзэу тхащ, ауэ тхыгъэ щхьэхуэхэм ныкъусаныгъэхэр яIэщ. Псалъэм папщIэ, «ПовесткIэ зэджэр» гурыIуэныгъэм хэт «эпос» псалъэм и пIэкIэ «къэзыIуатэ литературэ». Кьашырэ Хьэпащэ и «Насыпым и хэкIыпIэ» романыр яныныкъуэхэм щыуагъэкIэ повесту кьызэралытэр пэжкъым (нап. 92-м).

Новеллэм теухуа гурыIуэныгъэм абы и нэщэнэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыр тхыгъэм кьыщыгъэлъэгъуакъым. Ар новеллэм зэщыщмыгъуа, узыпэмыплъа кIэух зэрирещ (нап. 19-м). Тхылъым и 128-нэ нэпкIэщIым балладэм и щапхъэу кьыщыщыхьэр зи тхыгъэр хэтми кьэгъэльэгъуамэ нэхъыфIт (АбыгIэ Хьэмыз, Нало Заур жиIэу). Абыхэм мыхьэнэ яIэщ.

Сюжетым теухуауэ 187-нэ напэкIуэщIым итри тэмэмкъым. Ар зи нэщэнэр композицэр аращ. Сюжетыр художественэ тхыгъэм кьиIуатэ Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэ, зэрызэкIэлъыхьа щыкIэрщ. А тIур зэхэгъэгъуащIэ хъунукъым.

Еджакlуэхэм гукIэ зрагъэщIэн хуейуэ программэм кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэхэрэ пычыгъэзэмрэ тхылъым тэмэму щыгъэзэщIа хъуахкъым, абыхэм я тIуэуэ гъэкIыжьыр тхылъым иткъым. ГукIэ зы тхыгъэ е тхыгъит! фIэкIа зрамыгъащIэмэ хъуну ара? Адрей кьомыр-щэ?

Щоджэнэщыкlу Iэдэмрэ Бемырзэ Мухьэдинэрэ я усэхэу гукIэ зэгъэщIэн хуейуэ программэм кьигъэувэхэмрэ тхылъым итхэмрэ зэтехуэрэкъым. Программэр къудыIэрэ лъэныкъуэ зэрыграгъэкIуэтэкIыр тэмэму кьыщIэкIынкъым.

Адыгэ литературэмкlэ школ программэм сыхьэт тIурытI фIэкI зыхуэмыжьыкъ тхакIуихьым я тхыгъэхэм щыщ напэкIуэщI къудыIуэ тхылъым и щIыпIэ зыкIи зрагъэщIэн хуейщ. Ар ЕтIуанэ Тхьэгъэ Хьэмыз (29-нэ нап

Фырэ Руслан егъэпажэ.

● Щэнхабзэ

Къэзакъ академическэ хорыр.

Зэныбжьэгъухэм я зэхыхьэ

Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щеКIуэкIащ «Зэныбжьэгъухэр» зыфIащэ концертыр. Абы хэтащ Кубань къэзакъ къэрал академическэ хорыр, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, «Балкарие» IуэрыIуатээтнографиекъэрал ансамблыр.

МЫР къызэрагъэпэщащ «ЩIалэгъуалэм я Iуэху зэIумыбзхэмкIэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я IуэхухэмкIэ и къэрал комитетымрэ. Зэгъунэгъуэ лъэпкъхэм зэкIэлъызэрахьэу щытта «Зэныбжьэгъухэр» зэдзэ дахэр къагъэсэбэну, я мурадщ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я зэхущытыкIэр ирагъэфIэкIуэну.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм щыIэ Хлопонин Александррэ Устинов Владимиррэ я нэIэм щIэту йокIуэкI мы Iуэхур. Краснодар крайм и администрацэм и губернатор Ткачев Александр, а щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и департаментым и унафэщI Пугачевэ Наталье, Кавказ Ищхъэрэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» ОАО-м а Iуэхур даIыгъаI.

Кубань къэзакъ къэрал академическэ хорым и художественнэ унафэщI, Урысейм, Украинэм, Адыгэ, Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэм я щIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор Захарченкэ Виктор, «Кабардинка» къэрал академическэ хорым и художественнэ унафэщI, Урысейм, Украинэм, Адыгэ, Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэм я щIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор Захарченкэ Виктор, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Шэшэн, Ингушрэ Iуэрыпкъэхэм щыIэ Хлопонин Александррэ Устинов Владимиррэ я нэIэм щIэту йокIуэкI мы Iуэхур. Краснодар крайм и администрацэм и губернатор Ткачев Александр, а щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и департаментым и унафэщI Пугачевэ Наталье, Кавказ Ищхъэрэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» ОАО-м а Iуэхур даIыгъаI.

«Балкария» ансамблыр.

Абы къыдэкIуэтэ щIэлъ зиIэ и артист, Шэшэн, Ингушрэ Iуэрыпкъэхэм щыIэ Хлопонин Александррэ Устинов Владимиррэ я нэIэм щIэту йокIуэкI мы Iуэхур. Краснодар крайм и администрацэм и губернатор Ткачев Александр, а щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и департаментым и унафэщI Пугачевэ Наталье, Кавказ Ищхъэрэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» ОАО-м а Iуэхур даIыгъаI.

Кубань къэзакъ къэрал академическэ хорым и художественнэ унафэщI, Урысейм, Украинэм, Адыгэ, Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэм я щIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор Захарченкэ Виктор, «Кабардинка» къэрал академическэ хорым и художественнэ унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Шэшэн, Ингушрэ Iуэрыпкъэхэм щыIэ Хлопонин Александррэ Устинов Владимиррэ я нэIэм щIэту йокIуэкI мы Iуэхур. Краснодар крайм и администрацэм и губернатор Ткачев Александр, а щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и департаментым и унафэщI Пугачевэ Наталье, Кавказ Ищхъэрэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» ОАО-м а Iуэхур даIыгъаI.

- Гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэщIэхэр фыкъызэрытхуеблэгъар. Хэкум и пащхьэм щытхь жэуапIыныгъэм теуху «Зэныбжьэгъухэр» Iуэхухмкlэ ди мурадщ дыщыпсэу щIыналъэм мамырыгъэр щыдгъэбыдэну, зедгъэужьыну. Лъэпкъ щэнхабзэхэм я зэхьыхьэхэр сыт щыгъун тхыдэ фэепльхэм я зыужьныгъэщ, къэралым, щIыхубэм я къэкIуэнур зэребгъэфIэкIуэну Iуэхуфlщ. Абы Iэмал кьует Урысейм ис лъэпкъхэм я псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрызэщхь-зэрызэщхьэщыкIым укIэ-лъыплъыну, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэтыныгъэр бгъэбыдэну, - итщ абы. Проектыр лъэпкъ щэнхабзэхэм я зэщIэжьыуэм и щапхъэ дахэщ. Гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэхэм зыщыдгъэгъуазэу щытмэ, нобэрей Iуэху зэIумыбзхэр тхуэгъэзэзэкIуэжьынущ. Мы проектым сыщогугъ лъэпкъ зэхуэмыдэхэр дызэкъуигъэуIэнэну, мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дяку дэлъу дыпсэуну.

КъБР-м и Правительствэм, Щэнхабзэмкlэ и министерствэм я щIыхь тхыльхэр Кубань къэзакъ академическэ хорым хэт артистхэм Фырэ Руслан яритащ, республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и артист цIэр зыхуагъэфэщахэр утыкум къриГъэблагъэри, ехъуэхъуащ. Дызэрыгушхуэ Iуащхьэмахуэ и сурэтымкIэ хьэщIэхэм яхуэупсащ. Кубань къэзакъ хорыр илъэс 200 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэхьэзыра бгъэхэIу дамыгъэр КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къыхуагъэфэщащ.

Апхуэдэу зэIущIэм къыщеджащ Хлопонин Александр, Ткачев Александр сымэ къагъэхьа тхыгъэхэм. Абыхэм къызэрыхагъэщамкIэ, ди къэкIуэнур едгъэфIэкIуэн папщIэ, лъэпкъ зэныбжьэгъуугъэр дгъэбыдэну, щэнхабзэр, къыддекIуэкI хабзэхэр тхъумэну ди къаланщ.

Зэхуэсахэм Кубань къэзакъ хорым хэт артистхэм я уэрэд жыIэкIэр ягу дыхьауэ утыкум гуапэу ирагъэблагъэжьырт. Урыс лъэпкъ уэрэдыжьхэм къадэкIуэу, ягъэззщIащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и псалъэхэр зыщIэлъи. Республикэм и «Кабардинка», «Балкария» къэрал ансамблхэм я хэфэкIэр, сыт щыгъун хуэдэу, яфIэщIэщыгъуэу Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ.

Нобэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я жылагъуэ-политикэ зэхущытыкIэм зрагъэужьын, яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэн, щIалэгъуалэр зэкIэлъагъэкIуэн папщIэ я щэнхабзэмкlэ зэрыщIэныр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщхэр зэныбжьэгъу зэхуэхъун пасэрей хабзэр къэгъэсэбэныныр Iэмалыфlу къаланыгъэ.

Мы жэрдэмыр адрейхэм къащхьэщокI Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щылажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр а Iуэхум къыхэрыхьашамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэн къаланыр щагъэзащIэкIэ, цIыхубэмрэ властымрэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ яIапхъэр зэраубзыхуамкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«Кабардинка»-р къоф.

Псыпэ дахэ бгъуэтмэ...

Адыгэ пщащэм и Iэдэбгъым, и Iущагъым, и зыIыгъыкIэм, и цIыху хэтыкIэм куэд тетхыхьащ. Хьыджэбзым и дахагъым, нэхэм кьащIих хьаскIэм, Iэпкьлъэпкь зэкIужьм мащIэ уси трауху акьым къэрал зэхуэмыдэхэм щыщ усакIуэхэм.

● ЩIалэгъуэ

Выкхъэ Ланэ

ЗИ ТЕПЛЪКIЭ тхьэIуху, ныбжькIэ щIалэмэ, куэдым хуэнабдзэгубдзаплъэ, зи гупсысэр жьжьэ нэс Выкхъэ Ланэ «Зэфэну псым и кьэжэгъэр дяпжIэщ» зыхужаIэ ныбжьым итщ. КъБКъУ-м Филологическэ и институтым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм и 4-нэ курсым «5» защIэкIэ щеджэ хьыджэбзым и мурадхэр дахэщ, ягъэ зэрызыIэригъэхьэну Iэмалхэр убзыхуащ, зригъэгъуэт щIэныгъэм епха гугъапIэхэр мащIэкъым.

Къамылыкъуэ дэт курыт еджапIэр фы дыдэу кьнуха нэужь, Ланэ Iущ Iагъэ хуэхьуным куэдрэ егупсысащ. И адэ шыпхъурэ адэ кьуэшхэрэ егъэджакIуэт, езыри гуманитарнэ унэтIыныгъэм дихьхырти, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ иджыну и мураду КъБКъУ-м кIуащ. А предметхэмкIэ щIэныгъэфI кьэзыгъэпэлъэгъуэ хьыджэбзыр ягъэ зрагъэблагъар урысыбзэмрэ литературэмкIэ кьудамэратI, абы щIэтыстыхащ икIи университетыр диплом «плъыжькIэ» кьиухыну хущIокъу.

Пащащэм и хьуэпсапIэр къызэрехъулIэнум шэч кьыгрыуитIэхьэрхьым ар КъБКъУ-м кьыщыхэрагъэпэщащ конференцхэм, зэпеуэхэм, творческэ, литературэ зэхьэзэхуэхэм, жылагъуэ Iуэхуэхэм жьыджэру зэрыхэтым, пашэныгъэхэр кьыхэрыщихьым.

Университетым зэрыщIэсым хуэдэуэ и Iэщагъэм и щэхуэхэр хуэмурэ зрегъащIэ Ланэ. Ар унагъуэхэм кIуэурэ сабийхэр ирегъаджэ.

- Егъэджакlуэ Iэщагъэр хуабжьу мыхьэнэщхуэ зиIэщ, - кьыддогуашэ ди псэльэгъур. - Абы кьыдэкIуэтей щIэлъэм щIэныгъэ ябгъэдилъхьэм и мызакъуэу, гъащIэм зэрыхэпсэукIыныр щIыхуэхэм зэрадекIуэжьынри, нэгъуэщI куэди сабийхэм яхелъхьэ. Сэ сезыгъащIэхэм, сызэрыщIыкIуэр зи жьауэ сыщIэт си Iыхьлыхэм ядэсльэгъуащ ар. Псом хуэмыдэу си адэ шыпхъу, Къамылыкъуэ курыт школым и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Выкхъэ Амыдэ. Ар и Iэщагъэм хуэпэжу, фIыуэ хищыкIыу, махуэщIэ кьэс щIэ гуэр кьыпэплъэм хуэдэу хуэпабгъэу лэжьапIэм зэрыкIуэм сытришащуэ жыпIэ хьунущ кьыхэсха гъэгум. Сыхуейт си адэ шыпхъум кьыхуащI пщIэм хуэдэ сэри кьэзлэжьыну, абы и ехъулIэныгъэхэм хуэдэ зыIэрызгъэхьэну. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщIэкIынщ ар «Си бзэ - си псэ, си дунеI» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуэхэм зэращыщыр.

Абы кьыдэкIуэу хуабжьу сфIэгъэшIэгъуэнщ фи лэжьыгъэри. Журналистыр щIэджыкIакIуэхэм, телевизорепльхэм хьыбарыщIэхэмкIэ зэрадэгуашэм, щапхъэ зытехьипхъэу республикэм исхэм яхуэзэурэ ахэр цIыхухэм зэрыгагъэцIыхуэм, Iнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрыт Iэщагъэлl Iэзэхэр утыку кьыззэрыращэм сыкIэпльопльэ икIи сыдекьэх.

ЩIалэгъуалэм яхэт щащэ набдзэгубдзапльэр щыгъуазэщ студентхэм я гурыгъу гурыщIэхэми ныбжьыщIэхэм я дуней тетыкIэми. Псоми гукьинэж ящIихьу студент гъащIэр нобэрей щIэблэм яхуигъэщIэрэщIэн, я кьэухьым зрагъэужьныжьмкIэ Iэмалыщ Iэхэр кьахуэзIухьи щIыкIэ Ланэ абыхэм я стипендиехэм яхухигъэхьэнэт, ахэр и чэзум яту зэтеригублэнт.

- Нэхьыжь куздым яубу зэхэпх щхьэкIэ, щIалэгъуалэ псори зэрыбгъэхъ хьунукъым, - жеIэ Выкхъэм. - Сэ сызыхэс гупыр кьапщтэмэ, едженым япэ ирагъэщ зы Iуэхуи яжьхым. Зым нэхъыфэ зым нэхъыбэ зэрызригъэщIэным пыльу, зыр адрейм пеуэу апхуэдэущ зэреджэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми мурад дахэхэр яIэщ, я хэкур зэрырагъэфIэкIуэным, зыпэрыхьэну Iэнатlэр кьагъэсэбэпу зыужьныныгъэм зэрыхуэзIэжьэным иджы щыщIэдзэуэ йогупсыс.

Нэхьыжьмэ и псалъэм едаIуэрэ нэхьыщIэм щапхъэ иригъэлъагъуэ псэун зэрыхуейр адэ-анэм, фIыуэ ильагъу и анэшхуэм пасэу кьызыгурагъэIуа хьыджэбзыр зытетыр аращ. И шыпхъу нэхьыщIэ Арнэ чэнджэщагъэ хуэхьуу, еджэным тригъэгушхуэу апхуэдэущ Ланэ.

Гъатхэпэм и 8-р зыгъэльапIэ бзылъхугъэхэм ягу илъ фIыр кьайхъулIэу, езым и унагъуэм исхэр хуэузыншэу, насыпыр махуэ кьэс зыхащIу псэуну яхуохъуапсэ Выкхъэ Ланэ.

НЭЩIЭПЫДЖ Замир.

Дызыпэмыплъа удынт

● Футбол

Ди стадионым мы гъэм япэу щекIуэкIыну зэIущIэм и пэ кьнхуэу хьыбарегъащIэ Iнатlэхэм я лэжьакIуэхэм зыхуагъэзащ «Спартак-Налшык» футбол командэм и генеральнэ директор Балэ Владимир, тренер нэхъыщхьэ Ташу Сергей сымэ.

ЗЭIУЩIэМ кьыщIэта псалъэмакъхэм ящыщщ командэм и мыгъэрей зэхэтыкIэр, футболист щхьэхуэхэм я джэгукIэр, нэгъуэщIхэр.

- Зыгъэсэныгъэхэм фIы дыдэу зыкьыщыдзыгъэтэджыгъуэ «Спартак-Налшыкыр» нужьрей зэIущIэу «Волга»-м дригъэкIуэкIам апхуэдэу фIэкIа щхьэ щымыджэгуарэ?

Ташу Сергей: - Пэж дыдэу, зыгъэсэныгъэхэм ди щIалэхэм фIы дыдэу зыкьыщагъэльэгъуащ. Тренерхэри зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ зыдедгъэкIуэкIыну командхэр нэхъ лъэщу кьыззэрыхэтхыным дыхуущIэкьуащ. Новгород ящIэхэрэ дыкьыззэрыщыхьагъэщIар хуабжьу дызыпэмыплъа удынныщхуэу кьыттехуащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуа щыуагъэхэм дриплъэжащ, дяпэкIэ ди джэгукIэм апхуэдэхэр кьызэрыхэмыхуэну щыкIэм дытолажьэ.

- Шыпмахуэ зыгъэсэныгъэхэм кьрнубыдэу командэм кьыщекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм дауэ уепльэр?

Балэ Владимир - Ди жагъуэ зэрыкьунщи, а зэманым кьрнубыдэу гъуащхьауэ тэмэм кьытхуэгъуэтакьым. Дэ нэхьыбэу дызыщыгугъыр ди республикэм кьыщыхьуа щIалэщIэхэрщ. Абыхэм фIыуэ зыкьагъэльэгъуэнырщ ди плъапIэр. КьыкьэтыкIуэ зэIущIэхэм кьанэ щымыIэу очко зыIэрыдгъэхьэн хуейщ, премьер-лигэм дыкьыхьэнэну дыхуейтэ.

- Мкоян, Хагуш сыиэ «Волга»-м девгъэкIуэкIа зэIущIэм щхьэ хэмытарэ?

Т. С.: - ЩIалэхэр ди щIыпIэм иджыри нэсу есакьым. Абы кьыхэкIкIэ зэIущIэм ахэр хуэмыхьэзыру кьэттыытащ.

- ЗэIущIэм хэтыну Гъуэщокъуэм зэман нэхъыбэ щхьэ хуэзэмыхьарэ ?

Т. С.: - Арсен фэбжь мащIэ иIэти, гугъу едмыгъэхьыну арат. Тэмэму и пIэм иувэжмэ, командэм нэхъыбэрэ сэбэп хуэхъуну зэманиIэнущ.

- «Волга»-м кьыззрыхигъащIар командэм хэт футболистхэм дауэ зыхащIа?

Т. С.: - Кьыззрыхъэгъэщащи, ар дызыпэмыплъа удыну кьыщIэкIащ. Абы теухуауэ щIалэхэр психологхэр ядэлэжьащ. Щхьэж и щыуагъэхэр зэпкърытхьжащ, кьагурыдгъэIуащ. Мы махуэхэм щIалэхэр зэрыт щытыкIэм арэзы сыкьеIащ. «Амкар»-м хуэфэщэну пэщIэтыну догупъэ.

- Будаковым и джэгукIэр дауэ кьыпищыхьуа?

Т. С.: - Гъащхьэтетым хьарзынэу зыкьыгъэльэгъуащ. Псоми зэрыфIъэгъуащи, ди гъуэм кьыдагъэкIыну топхэм зыбжанэрэ кьригъэгъэзащ. Топ кьызэрыдгъэкIар зы щIыхум и закъуэ и зэранкьым - гупыр тэмэму зэдэмылажьауэ аращ.

Кьызэхуэсахэм зэIущIэм и кIэухуэ захуигъэзащ Балэ Владимир: - «Спартак-Налшыкыр» псоми ди зэхуэдэ командщ. Абы сыт хуэдэ джэгукIэ кьиригъэльагъэуну, ар фIыуэ тIъагъун хуейщ, абы дыдэщIыпхъэщ. Гупым и Iуэхур щыфIым и деж дэтхэнэри и тельхъэ хьуфынущ, ауэ и Iуэхур щыдэмыкIым командэм щIэгъэжьэну хьуфынур ди закъэщ. Абы кьыхэкIкIэ, дэтхэнэ зыри фыкьыхуэдэжэ «Спартак-Налшыкыр» сыт щыгъуи дэфIыгъэну».

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Хъуэхъуэр

Псыхъурей къуажэм щыпсэу ди анэшхуэ Зэгъэщтокъуэ Залымкан ЦIыхубзхэм я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу

ФIыуэ тIъагъу, пщIэ зыхуэтщI, нанэм я нэхъ Iэфlым ЦIыхубзхэм я махуэшхуэмкIэ дыныохъуэхъу. Ди псэм и нэхур къытхэпсэу, удиГуаззэрэ дыбгъабфIэу куэдрэ укьытщыхьыщытыну ди хъуэпсапIэщи, уи узынщагъэр быдэу, уи гукъыдэжьм хэхъуэу, уи быным, абыхэм я щIэблэм я еъуIупныгъэхэм уригущхуэу укъэгъуэгурыкIуэну, фIыуэ щыIэмкIэ Тхъэркъыпхуэупсэну ди гуапэщ.

Уи къэзрыгъэхуэу Алим, Аленэ.

● ● ● ● ● ● ● ● ●

Налшык щыпсэу Зэгъэщтокъуэ Иринэ ЦIыхубзхэм я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу

ФIыуэ тIъагъу, пщIэ зыхуэтщI ди мамэ дахэ! Псэр зыдэушэ гъатхэм и махуэ ящIэ Iуэ ЦIыхубзхэм я махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу. ЩIыпIэм щызекIуэ насыпым я нэхъыфIыщ хуэпсэуну, уи щIэблэм я щагъэр быдэрэ уи гъащIэр щIэращIэу, уи нэмысыр лъагэрэ уэыхуейм уи Iэр лъэIэсу, берычэтыр уи жьэгу, гукъэуэм упщIащIэу, уи дунейр дахэрэ нэхуу куэдрэ Тхьэм тхуитхэпсэу!

Уи бынхэу Алим, Аленэ.

Лэжьапlэ ягъэувыну къыхах

● Гу зылъытапхъэ

Щ.Щхьэжщlыкlу Алий и цlэр зэзыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 2012 гъэм и Iгатхэп мазэм мы спектаклхэр щагъэлъэгъуэнущ:

Гъатхэпэм и 13-м:
Шортэн Аскэрбий «Гуащэ ябгъ»
(комедие)
Гъатхэпэм и 22-м:
Мамий Ержыб
«Псэлъыхьуэр» **(комедие)**
Гъатхэпэм и 30-м:
Мамий Ержыб
«Псэлъыхьуэр» **(комедие)**

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист
Шыбзыхъуэ Басирщ.
ЩIыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хьунущ: 42-64-94, 42-33-89

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Заирбэч, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьжькьаэр Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; эдэлэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуцlэхэм я пэжагъэкIэ ахэр зытхъэхэм я къуэдзэхэр. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр я пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ поштэ зэпкърыхьэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатьмэ я хуитыныгъэр хьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм №ГИ-0065-м щIэту ягъащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъытыхэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэ Сонэ, редактор Къардэн Маритэ, корректорхэр Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, Пхытыкl Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлъыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр жыдащ* Дол Мариэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елъытыр* Бицу Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №664